

KÒMAN W KAPAB RENOUVLE NY STATE OF HEALTH INSURANCE OU AN AK MICHELLE

01



Michelle te resevwa avi renouvelman li a nan lapòs. Avi l la te endike li dwe pran mezi ki nesesè yo epi renouvre nan yon dat espesifik.

02

Avi l la detaye divès fason pou li renouvre, tankou, konekte sou kont li sou nystateofhealth.ny.gov, pale ak yon Asistan Enskripsyon ki kalifye, oswa rele nan **1-855-355-5777**.

02



03



Michelle te bezwen mete kont li an ajou ak tout chanjman ki ka afekte pwoteksyon asirans sante li a - tankou revni, fanmi oswa adrès.

04

Li te vizite nystateofhealth.ny.gov epi li te klike sou bouton '**Get Enrollment Help**' (**Jwenn èd pou enskripsyon**) an pou l jwenn yon Asistan Enskripsyon ki kalifye. Asistan an ba li sipò pou renouvelman an gratis.



05



Michelle te kapab renouvre Medicaid Health Plan li an epi evite yon peryòd san pwoteksyon nan pwoteksyon asirans lan.

